



Deklarasyon Vòl Idantite Administrasyon Ti Biznis Etazini

Ranpli fòm sa a siw bezwen Administrasyon Ti Biznis Etazini an revize yon prè ki pa ranbouse oswa yon sibvansyon ki pou vòl idantite. Anvanw kòmanse, tanpri sonje, yon siyati ekri alamen obligatwa pou deklarasyon sa a, ansam ak sèten dokiman.

Se siw vle, ou bay enfòmasyon sou fòm sa a. Sepandan, si ou pa bay enfòmasyon yo, li ka pi difisil pou edew rezoud pwoblèm vòl idantite la. Pou Deklarasyon Vòl Idantite ki gen rapò ak prè dirèk SBA pou katastwòf chòk fizik ak ekonomik, tankou COVID Economic Injury Disaster Loans (EIDL), voye fòm lan ranpli pa imèl bay: IDTheftRecords@sba.gov. Pou Deklarasyon Vòl Idantite ki gen rapò ak prè Pwogram Pwoteksyon Chèk (PPP), voye fòmilè ranpli a pa imèl bay: PPPidtheftinquiries@sba.gov.

Seksyon A – Tcheke kare ki anba a ki aplikab pou sitiyasyon wap rapòte a

- Mwen ap soumèt Deklarasyon sa a pou mwen antanke yon sèl pwopriyetè/endividé oswa kòm reprezantan otorize pou yon biznis ki rele ¹.
- Mwen ap soumèt Deklarasyon sa a nan non pitit minè mwen an (oswa mwen se gadyen timoun minè a).²
- Viktim vòl idantite a mouri, epi mwen ap soumèt Deklarasyon sa a kòm mari oswa madanm sivivan, Reprezantan Pèsonèl Tribunal Deziyen, Egzekitè, oswa Administratè.³
- Viktim vòl idantite a envalid, epi mwen ap soumèt Deklarasyon sa a kòm Pwokirè, Gadyen Tribunal la nonmen, oswa Titè.⁴

Seksyon B – Enfòmasyon pou kontakte Reprezantan, Titè, Paran oswa Gadyen⁵

Siyati Reprezantan an: _____ Prenon li: _____

Adrès Postal li pou kounye a: _____

Vil: _____ Eta: _____ ZIP kòd: _____

Nimewo Telefòn: _____ Lòt Nimewo Telefòn: _____

Adrès imel: _____

Seksyon C – Non ak enfòmasyon pou kontakte Viktim Vòl Idantite a

Siyati Viktim lan: _____ Prenon li: _____

Nimewo Sekirite Sosyal li (Tanpri bay 9 chif Nimewo Sekirite Sosyal la): _____

Adrès Postal li pou kounye a: _____

Vil: _____ Eta: _____ ZIP Kòd: _____

Nimewo Telefòn: _____ Lòt Nimewo Telefòn: _____

Adrès imel: _____

Ranpli si sa aplikab:

Non biznis viktим nan: _____

Non pwopriyetè biznis (yo): _____

Nimewo Idantifikasiyon Kontribiyab (EIN, TIN, oswa ITIN): _____

Adrès lapòs ri biznis la: _____

Vil: _____ Eta: _____ ZIP kòd: _____

Seksyon D – Deklarasyon

Tanpri reli ak anpil atansyon enfòmasyon ou te bay nan fòm sa a. Apre sa, reli deklarasyon ki bay anba a epi, si sa nesesè, siyen epi ekri dat la nan espas yo bay pou sa. Tanpri sonje ou dwe siyen deklarasyon sa a alamen. Yo pap aksepte siyati elektwonik. Si plis espas vin nesesè pou nenpòt bagay, tanpri ajoute lòt paj.

Mwen, _____, ki abite nan _____
deklare sou sèman mpa fè fo temwayaj, konsa:

Tanpri tcheke epi ranpli jan sa nesesè:

- Nan dat oswa ozanviwon _____, mwen rekonèt yon moun te itilize enfòmasyon pèsonèl mwen (PII) oswa enfòmasyon ki idantifye biznis mwen an san pèmisyon mwen oswa san mwen pa konnen pou li jwenn yon prè nan non mwen bò kote Administrasyon ti Biznis Etazini oswa bò kote yon Kreditè PPP. Tanpri mete nenpòt enfòmasyon ou konnen sou prè a (prè a oswa nimewo aplikasyon an (yo), kantite lajan (yo) oswa nenpòt lòt detay).
-
-
-

- Di ki jan ou te vin konnen yo te itilize idantitew pou jwenn prè sa a/sa yo:
-
-
-

- Mwen konfime se pa mwen (oswa biznis mwen) ki te mande prè a, ni mwen pa te otorize pèsonn pou soumèt yon aplikasyon pou mwen (oswa biznis mwen).

- Mwen konfime mwen (oswa biznis mwen) pa te itilize okenn nan lajan prè a oswa pou benefis mwen oswa nenpòt lòt rezon ki ta ka nan avantaj mwen (oswa biznis mwen).

- Èskew konnen nenpòt lòt itilizasyon yo te fè ak idantitew pou prete nenpòt lòt lajan, tankou jwenn kat kredi, oswa pou ranpli deklarasyon taks sou revni onivo eta oswa federal, si repons lan se wi, tanpri eslike:
-
-
-



Ou oblige ajoute epi voye ak fòm sa a yon kopi ofisyèl yon rapò lapolis oswa yon rapò ofisyèl ki depoze nan yon ajans lapolis federal tankou FTC, FBI oswa Sèvis Sekrè Etazini konsènan zafè sa a.



Ou oblige tache epi voye ak fòm sa a yon kopi lisans chofè ki valid,paspò ameriken, pyès idantite militè ameriken, oswa lòt pyès idantite valid yon ajans eta oswa federal bay.

Mwen deklare sou sèman dapre 28 USC § 1746 enfòmasyon mwen bay nan Deklarasyon sa a baze sou enfòmasyon pèsonèl mwen epi yo vre e yo kòrèk.⁶

Dat

Siyati Deklaran

LWA SOU PWOTEKSYON VI PRIVE (5 USC § 552a)

Enfòmasyon yo bay nan fòm sa a anba pwoteksyon Privacy Act, 5 USC 552a, ki entèdi gouvènman federal la mete deyò enfòmasyon pèsonèl sou yon moun san konsantman moun nan. Lwa sou Konfidansyalite a otorize SBA fè sèten itilizasyon woutin ak enfòmasyon ki anba pwoteksyon Lwa a jan sa ekri nan System of Records Notices li yo, 69 FR. 58598. Fòm sa a oswa enfòmasyon yo bay nan fòm sa a ka disponib pou ajans lapolis onivo federal, eta, ak/oswa lokal ki chaje ak responsablite oswa ankò ki enplike nan envestigasyon, pouswit jidisyè, fè respekte oswa prevansyon vyolasyon lalwa sa yo.

Dapre dispozisyon ki nan Lwa sou Pwoteksyon Vi Prive a, ou pa oblige bay nimewo sekirite sosyal. Sepandan, si ou pa bay enfòmasyon yo, li ka pi difisil pou edew rezoud pwoblèm vòl idantitew la. Remak: Nenpòt moun ki konsène ak kolèk, itilizasyon ak divilgasyon enfòmasyon, dapre Lwa sou Konfidansyalite a ka kontakte Chèf la, FOI / PA, Office, 409 3rd Street, SW, Suite 5900, Washington, DC 20416 oswa voye yon imèl nan foia@sba.gouvènman pou enfòmasyon sou pwosedi Ajans lan ki gen rapò ak Lwa sou Pwoteksyon Vi Prive ak Libète Enfòmasyon an.

TANPRI NOTE: Dapre Lwa sou Rediksyon Travay Administrasyon, ou pa oblige reponn ak ansam enfòmasyon sa yo sòfsi yo genyen yon Nimewo Kontwol OMB valid pou kounye a. Chay travay yo estime pou ranpli fòm sa a, ki gen ladan tan pou li enstriksyon, rasanble done ki nesesè, epi ranpli ak li fòm lan se 15 minit. Kòmantè oswa kesyon sou estimasyon chay travay yo ta dwe voye bay U.S. Small Business Administration, Director, Records Management Division, 409 3rd St., SW, Washington DC 20416, epi/oswa SBA Desk Officer, Office of Management and Budget, New Executive Office Building, Rm. 10202 Washington, DC 20503. **TANPRI PA VOYE FOM LAN NAN ADRÈS SA YO.**

¹ Si wap soumèt fòm sa a pou biznis ou, lèw tcheke kaz sa a epi wap siyen Deklarasyon an, wap endike ou se yon reprezantan otorize biznis la oswa pwopriyetè legal biznis la.

² Lèw tcheke kare sa a epi siyen Deklarasyon an, wap di ou se yon reprezantan otorize (tankou paran, gadyen oswa gadyen legal) pou soumèt epi siyen nan non minè a.

³ Lèw tcheke kare sa a epiw siyen Deklarasyon an, wap di ou se mari oswa madanm sivivan, reprezantan Tribunal la nonmen oswa reprezantan pèsonèl, Egzekitè, oswa Administratè epi ou gen otorizasyon pou soumèt ak siyen Deklarasyon an.

⁴ Lèw tcheke kare sa a epiw siyen Deklarasyon an, wap di ou gen yon Pwokirasyon oswa ou se Gadyen, oswa Konsèvatè Tribunal la nonmen epi ou gen otorizasyon pouw soumèt ak siyen Deklarasyon an.

⁵ Ranpli si se yon lòt moun ki pa Víktim Vòl Idantite a ki ap soumèt Deklarasyon an.

⁶ AVÈTISMAN: Mete sou sa, nenpòt ki fo deklarasyon oswa fo enfòmasyon ou bay SBA ka lakòz sanksyon kriminèl, civil oswa administratif, men pa sa sèlman: 1) amann ak prizon, oswa toude, anba 15 U.S.C. 645, 18 U.S.C. 645, 18 U.S.C. 1001, 18 U.S.C. 1014, 18 U.S.C. 1040, 18 U.S.C. 3571, ak nenpòt lòt lwa ki aplikab; 2) triplaj domaj ak enterè ak penalite sivil dapre Lwa sou Fo Reklamasyon, 31 U.S.C. 3729; 3) doub domaj ak enterè ak penalite sivil dapre Lwa sou Pwosedi pou Fwòd Sivil, 31 U.S.C. 3802; ak 4) sispansyon ak/oswa entèdiksyon pou tout tranzaksyon federal pou akizisyon ak sak pa pou akizisyon. Amand legal yo ka ogmante si Lwa sou Amelyorasyon Lwa sou Ajisteman Enflasyon Penalizasyon Sivil 2015 lan amande yo.